



Pou Piblikasyon Imedya: 15/10/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 9.5 MILYON DOLA POU ETABLI PWOGRAM PRI TEKNOLOJIK EMPIRE A AK FÈ AVANSE DEKABONIZASYON BILDING NAN ETA NEW YORK

Nouvo pwogram lan pral mete sou gwo anplè solisyon klimatik pou bilding pou plizyè fanmi ak komèsyal

Li sipòte objektif nasyonal Gouvènè a nan Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè (Climate Leadership and Community Protection Act) pou yon rediksyon 85 pousan nan emisyon gaz a efè sè disi 2050

Gouvènè Kathy Hochul anonse 9.5 milyon dola pou etabli pwogram Pri Teknolojik Empire a, yon nouvo defi antrepriz ki anbisyè ki vize fè avanse dekabonizasyon bilding nan Eta New York. Finansman an pral sipòte yon administratè pwogram kalifye pou jere pwogram lan epi bay kapital amòsaj pou konkou a ki pral atire , enkòpore ak mete sou gwo anplè solisyon klimatik bilding yo toupatou nan monn lan pou atenn netralite kabòn nan bilding pou plizyè fanmi ki egziste yo ki gen uit etaj oswa bilding komèsyal yo ki gen omwen 15 etaj. Anons sa a sipòte objektif nasyonal Gouvènè a nan Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè (Climate Leadership and Community Protection Act) pou yon rediksyon 85 pousan nan emisyon gaz a efè sè disi 2050

"Bilding yo se youn nan pi gwo sous emisyon gaz a efè sè yo nan Eta New York epi nou dwe ogmante solisyon tanjib yo ki dekabonize bilding yo pi vit pou konbat chanjman klimatik", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Atravè inisyativ sa a, n ap kreye pon ant solisyon inovatè ak pwopriyetè bilding pou plizyè fanmi ak komèsyal yo ki kapab benefisye solisyon sa yo pou trase yon avni ki pi dirab, gen mwens kabòn".

Otorite Devlopman ak Rechèch Enèji Eta New York la (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) ap administre pwogram Pri Teknolojik Empire a konsevwa pou se yon akseleratè biznis ak yon pwogram pri nan konbine sipò biznis avèk rekonpans monetè pou fè avanse apwòch renovasyon ki gen fèb emisyon kabòn.

NYSERDA aktyèlman ap aksepte aplikasyon pou administratè pwogram lan ki pral resevwa jiska 1.7 milyon dola rive 2024 pou angaje patnè yo nan endistri a nan yon defi antrepriz konpetitif pou fasilite devlopman teknoloji ki redui emisyon kabòn. NYSERDA ap dedye 7.8 milyon dola siplèmantè pou pri yo nan kad pwogram lan, avèk

administratè pwogram lan ki ta dwe ogmante rezèv pri a nan pwofite patenarya ak investisman sektè prive a.

Doreen M. Harris, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral, NYSERDA te deklare, "Pwogram sa a pral konekte pwofesyonèl yo nan endistri a avèk inovatè yo pou asire solisyon itilizab, dirab yo devlope epi gen yon chemen pou mache a. Nou konsantre sou angaje endistri prive a pou gide chanjman mache a, dekarbonize bilding komèsyal ak pou plizyè fanmi yo epi kreye yon avni ki pi vèt, pi pwòp ki benefisye tout Nouyòkè yo".

NYSERDA pral aksepte [aplikasyon](#) rive 17 novanm 2021 soti nan òganizasyon endividyèl oswa ekip òganizasyon kalifye pou se administratè pwogram lan, ko-devlope ak jere pwogram Pri Teknolojik Empire a. Yon komite evalyasyon pral evalye pwopozisyon yo sou baz antesedan aplikan an pou kreye yon defi nan antrepriz ki reyisi avèk aktivite tankou rekritman global, konvokasyon ki konsantre sou endistri, sipò pou akselerasyon biznis, fasilite patenarya estratejik ak mobilizasyon fon prive. Pwogram pri an nan li menm ap lanse nan ane 2022.

Senatè Kevin Parker te deklare, "Kòm Prezidan Komite sou Enèji ak Telekomunikasyon (Committee on Energy and Telecommunications) Sena a, mwen aplodi NYSERDA ak biwo Gouvènè a dèske yo fè pwogram Pri Teknolojik Empire a tounen yon reyalite. Mwen pa ka tann pou kontinye travay avèk NYSERDA pou ankouraje inisyativ ki fè avanse ajanda enèji pwogresif ak travay New York la".

Manm Asanble a Michael Cusick te deklare, "Dekarbonizasyon bilding se youn nan eleman ki pi enpòtan pou atenn objektif sou enèji ak anviwònman nan tout eta a. Pwogram Pri Teknolojik Empire a pral yon zouti kreyatif ak efikas pou dekarbonize kèk nan bilding emisyon gaz a efè sè ki pi grav nan eta nou yo epi pwogram sa a pral fè yon gwo enpak nan efò nou yo pou redui emisyon yo".

Pwogram sa a chita sou pèspektiv mache a ki rasanble atravè [Defi Bilding Empire ki gen siksè](#), ki te anonse nan septanm 2020, yon patenarya piblik-prive pou ranfòse kwasans ekonomik nan New York atravè solisyon pou dekarbonize bilding komèsyal ak bilding pou plizyè fanmi ki wo yo an konjonksyon avèk kèk nan pi gwo detantè imobilye, fabrikan, ekspè teknolojik ak antreprenè nan monn lan.

Bilding yo responsab pou yon tyè nan emisyon gaz a efè sè nan tout ekonomi an nan Eta New York epi anpil nan plis pase sis milyon bilding atravè Eta a te konstwi anvan kòd sou enèji a epi pa konsevwa pou efikas pou enèji. Atravè pwogram NYSERDA ak sèvis piblik yo, plis pase 6.8 milya dola ap investi pou dekarbonize bilding yo nan tout Eta a. Lè l amelyore efikasite enèjetik nan bilding yo epi mete estokaj sou sit yo, enèji renouvlab ak ekipman rechaj veyikil elektrik, Eta a pral diminye polisyon ak kabòn nan epi atenn objektif anbisye pou diminye konsomasyon enèji sou sit la pou 185 trilyon Btus (Inite Tèmik Britanik) disi lane 2025, sa ki ekivo ak kouran pou 1.8 milyon kay. Efikasite enèjetik konte pou 75 pousan djòb ki gen nan sektè enèji pwòp la onivo New

York, epi plan anbisyè eta genyen pou l redui polisyon kabòn lan pral jenere 1.8 milya dola anplis nan avantaj sosyal ak anviwònmanal.

Pwogram Pri Teknolojik Empire a jwenn sipò atravè pwogram Inovasyon NYSERDA ki ede konpayi ki nan faz inisyal yo avèk asistans teknik ak resous devlopman biznis atravè sipò antreprenaryal ak ekspansyon fabrikasyon. NYSERDA te investi plis pase 28 milyon dola nan pwogram sipò antreprenaryal yo depi 2009, ki sipòte prèske 349 konpayi ak kreye plis pase 1,140 travay. Plis pase 780 milyon dola nan investisman prive ak 200 milyon dola nan kapital finansman pwojè te mobilize pandan y ap ede pote plis pase 440 nouvo pwodwi enèji pwòp epi ki amelyore sou mache a, ki gen ladan sistèm ekleraj ak dyòd (LED), aparèy domestik, batri ki dire lontan, ak sistèm chofaj ak refwadisman ki pi efikas.

Finansman pou inisyativ sa a fèt atravè Fon pou Enèji Pwòp 5.3 milya dola Eta a ki gen 10 lane. Gen plis enfòmasyon sou finansman sa a ki disponib sou [sit entènèt NYSERDA](#).

Lwa Klimatik Nasyonal Eta New York

Ajanda nasyonal sou klima Eta New York la se inisyativ sou klima ak enèji pwòp ki pi agresif nan peyi a, ki mande yon tranzisyon òdone epi ki ekitab nan enèji pwòp ki kreye travay epi ki kontinye ankouraje yon ekonomi ekolojik pandan Eta New York ap retabli anba pandemi COVID-19 la. Enskri nan lalwa atravè Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè a, New York sou chemen pou li akonpli objektif li pou yon sektè elektrisite ki gen zewo-emisyon rive lane 2040, ki gen ladan 70 pousan pwodiksyon enèji renouvlab rive 2030 epi atenn netralite kabòn nan nivo ekonomi an. Li chita sou investisman san presedan ke Eta New York la te reyalize pou devlope enèji pwòp yo, ki enkli plis pase 21 milya dola nan 91 pwojè enèji renouvlab ki fèt sou gran echèl nan Eta a, 6.8 milya dola pou redui emisyon batiman yo, 1.8 milya pou devlope enèji solè, plis pase 1 milya dola pou inisyativ transpò pwòp ak plis pase 1.2 milya dola nan angajman NY Green Bank yo. Mete ansanm, investisman sa yo pèmèt kenbe plis pase 150,000 travay nan sektè enèji pwòp la nan New York an 2019, yon kwasans 2,100 pousan nan sektè enèji solè a ki distribiye depi 2011 ak yon angajman pou devlope 9,000 megawat enèji ewolyèn sou lanmè a disi 2035. Selon Lwa sou Klima a, New York pral apiye sou pwogrè sa a epi diminye emisyon gaz efè sè yo pou 85 pousan pa rapò ak nivo 1990 yo lè nou rive nan 2050 pandan y ap asire ke omwen 35 pousan avèk yon objektif 40 pousan nan avantaj ki genyen nan investisman nan enèji pwòp pou benefisye kominote defavorize yo epi fè pwogrè avanse nan direksyon sib efikasite enèji eta a pou lane 2025 la pou diminye konsomasyon enèji sou sit la pou 185 mil milya BTU (inite tèmik britanik) nan ekonomi enèji itilizasyon final.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)